jaamu Yàlla ci jamonoy fitna moo ngi mel ni gàddaay jëm ci ma

Jële nañu ci Mahxal ibn Yasaar yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «jaamu Yàlla ci jamonoy fitna moo ngi mel ni gàddaay jëm ci ma».

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc xamal na jaam ñi ngir ñuy jëm ci jaamu Yàlla jamonoy fitna ak ray ak jaxasoog mbiri nit ñi ak ne loolu ag fayam mi ngi mel ni gàddaay jëm ci Yonente bi, loolu nag ndaxte nit ñi dañu koy sàggane, te kenn du ci taxaw ku dul ay benn-been.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5020